

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis biografi singget saméméh jeung sabada ngagunakeun SMBT. Sajaba ti éta, pikeun meunagkeun gambaran kumaha prak-prakan pangajaran nulis biografi singget ngagunakeun SMBT.

Kacindekan tina ieu panalungtikan nya eta: (1) Dina prak-prakan pangajaran nulis biografi ngagunakeun SMBT, siswa leuwih aktif jeung leuwih mikaresep kana pangajaran nulis biografi singget. Ditilik tina hasil tés awal jeung tés ahir; (2) Ditilik tina aspék eusi, oraganisasi eusi, tata basa, gaya basa jeung éjahan dina tés awal jeung tés ahir. Aspék basa tés awal 23% sedengkeun tés ahir 26%. Aspék organisasi eusi tés awal 21% sedengkeun tés ahir 24%. Aspék tata basa tés awal 20% sedengkeun tés ahir 22%. Aspék gaya basa tés awal 18% sedengkeun tés ahir 21%. Aspék éjahan tés awal 18% sedengkeun tés ahir 19%. Cindekna, kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII B SMP Negeri 19 Kota Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun SMBT ngaronjat; (3) Ayana béda anu signifikan antara kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII B SMP Negeri 19 Kota Bandung taun ajaran 2012/2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun strategi modeling berbasis teks (SMBT). Hal ieu bisa katitén tina uji gain anu rata-rata gainna nya éta 9,2; jeung (4) Tina uji hipotésis anu ngahasilkeun  $t_{itung} > t_{tabel}$ , nya éta  $4,40 > 2,389$  bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Hal ieu nuduhkeun yén SMBT éfektif dilarapkeun dina pangajaran nulis biografi singget ka siswa kelas VII B SMP Negeri 19 Bandung.

## 5.2 Rékoméndasi

Luyu jeung hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu bisa diébréhkeun ku panalungtik pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis biografi singget. Rékoméndasina di antarana.

- 1) Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis biografi singget, ditétélakeun yén hasil tés awal jeung tés ahir téh aya béda anu signifikan. Ku kituna, panalungtik ngarékoméndasikeun ka guru-guru basa Sunda sangkan ngagunakeun SMBT sabab bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis sajak, lantaran kabukti éféktif;
- 2) Pikeun Guru, guru kudu kréatif dina milih modél pangajaran anu cocok pikeun ngajarkeun materi. Ieu hal pikeun ngirut ati siswa dina diajar basa Sunda;
- 3) Pikeun siswa, salaku upaya ngaronjatkeun motivasi diajar siswa nalika diajar basa Sunda antkna bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa sewang-séwangan;
- 4) Ayana panalungtikan ngeunaan SMBT dina matéri pangajaran lianna pikeun leuwih ngabuktikeun kaéféktifan éta modél pangajaran; jeung
- 5) Ieu panalungtik masih loba kakuranganana. Ku kituna, panalungtik miharep ayana panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis biografi ngagunakeun SMBT anu ambahanna leuwih jembar.